



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 151 MILYON DOLA POU ESPAS PWOMNAD ELVE MILTIFONKSYON AN POU RANFÒSE REZISTANS ZÒN KOT STATEN ISLAND LAN

Anpil Seri Fowòm sou Konsepsyon ki Baze nan Kominote a ap Asire Opinyon ak Angajman Kominote a nan Konsepsyon Final la

Pwojè Inovatè sa a pral Pwoteje Kominote sou Bò Rivaj la yo ak Amelyore Aksè a Bòdmè a – Vizwalizasyon an yo Disponib [Isit la](#)

L ap Rantabilize Prèske 123 Milyon Envestisman Eta a nan Pwogram Racha Vonlontè Oakwood Beach lan.

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 151 milyon dola nan investisman eta a pou konstwi yon espas pwomnad miltifonksyon pou amelyore rezistans zòn lès rivaj Staten Island lan ak amelyore aksè kominote ozalantou yo a bòdmè a. Pwojè rezistans zòn kot la, gen yon briz lanm lanmè ki mezire 11 kilomèt soti Fort Wadsworth rive Oakwood Beach, ki pral pwoteje kominote yo kont plizyè inondasyon sou zòn kot yo, pandan l ap kreye nouvo abita tè marekaj ak enstalasyon lwazi yo, ki gen ladan yon espas pwomnad, santye pou monte bekàn ak aksè fasil a plaj piblik yo.

“Pwojè inovatè sa a pran an konsiderasyon divès bezwen kominote ki afekte yo, sa k ap pwoteje yo kont devastasyon move tan ka koze alavni yo, amelyore aksè a rivaj la, kreye tè marekaj vibran k ap pwospere, epi mete lespri sila yo k ap viv sou zòn kot Staten Island lan yo anpè,” **Gouvènè Cuomo te di.** “New York pral kontinye travay san pran souf pou asire kominote vilnerab yo gen resous yo bezwen pou pwoteje yo kont move tan ekstrèm pandan y ap enkòpore opinyon kominote a ak konstwi l pou kwasans alavni.”

Atravè pwosesis la, eta a te ankouraje Army Corps la pou l enkòpore eleman ki amelyore aksè a bòdmè a yo epi ofri enstalasyon lwazi pou kominote a. Briz lanm lanmè a pral konstwi 20 pye pi wo pase nivo lanmè a pou pwoteje kont yon tanpèt omwen menm gwo ak tanpèt Sandy – tanpèt “ki gen 3% pwobabilite anyèl lan”, padan l ap enkòpore tè marekaj yo ak opsyon lwazi pou yon solisyon global ki favorab a rezistans zòn kot la.

Espas pwomnad miltifonksyon an ka sipòte yon bann seri aktivite lwazi, ki gen ladan l konsè anplennè, evènman goute byè ak manje, festival kiltirèl, pwomnad nan lanati, kanaval bò lanmè yo, kous bekàn, maraton ak lòt konpetisyon kouri yo, edikasyon

anviwonmantal, ak lòt evènman ak ransanbleman kominotè yo.

Pou nou asire pwojè transfòmatif sa a satisfè bezwen inik kominote a yo, Depatman Konsèvasyon Anviwonman an (Department of Environmental Conservation, DEC) pral òganize yon seri fowòm entèaktif sou konsepsyon ki baze nan kominote yo. Fowòm yo pral pèmèt manm kominote ki entèrese yo ofri opinyon dirèk pou yo mete yo nan konsepsyon final espas pwomnad briz lanm lanmè a ak patisipe nan devlopman pwojè a. New York pral òganize yon sit entènèt pou pwojè a epi kenbe popilasyon an enfòmè depre atravè mizajou y ap pibliye souvan yo.

Lè l ap rantabilize investisman eta a te fè anvan yo pou rezistans zòn kot la, pwojè a gen ladan l tou konstriksyon tè marekaj ki ka reziste inondasyon nan Oakwood Beach kote Biwo Rekipèrasyon apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery) te achte plis pase 300 pwopriyete apre gwo tanpèt Sandy a. Prèske 123 milyon dola pwogram racha volontè a sèvi kòm yon modèl nasyonal pou efò ki sanble ak sila sa a yo.

Yon konsepsyon final pral fini nan sezon ivè 2018 la. Yo prevwa konstriksyon an ap kòmanse an 2019 epi l ap fini an 2022.

Komisyonè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Basil Seggos te deklare: “Investisman Gouvènè Cuomo ap fè nan rezistans zòn kot la se yon bòn novèl pou moun Staten Island yo ak yon trè gran pa anvè efò nou ap fè pou nou rekonstwi apre destriksyon Gwo Tanpèt Sandy a te lakoz yo. Angajman 151 milyon dola Eta New York la pral asire pwojè esansyèl sa a vin tounen yon reyalyte.”

Staten Island patikilyèman vilnerab a inondasyon, epi lè Ouragan Sandy a te frape, katye a te metrize pifò pousantaj rezidan Vil New York la yo k ap viv nan plèn kote inondasyon konn rive yo. Inondasyon an te afekte apeprè 16 pousan katye a, oswa 75,651 rezidan. Gen 2,499 kay rezidansyèl ak biznis Staten Island yo ki te sibi domaj epi FEMA te evalye yo koute 269.16 milyon dola nan domaj Ouragan Sandy te lakoz nan Staten Island sèlman. Lè nou konsidere devastasyon sou il la, Biwo pou Rekipèrasyon apre Tanpèt Gouvènè a te akòde anpil santèn milyon dola pou reyalyze efò rezistans ak rekipèrasyon k ap fèt sou Staten Island yo.

Manm Kongrè Dan Donovan te di, “Mèsi a Gouvènè Cuomo paske l ap atribiye pati Eta responsab la pou pwojè enpòtan enkwayab sa a. Avèk finansman Vil la ak Eta a te gen deja an plas yi, sa k ap fini konplete dènye pyès nan devinèt finansman sa a. Mwen atann pou m kontinye sipòte travay ajans lan ap fè yo nan chak nivo gouvènman an pandan n ap vanse vè lavan atravè konsepsyon an rive nan konstriksyon an.”

Senatè Andrew J. Lanza te di, “Nan Staten Island, nou konnen trè byen defi move tan ekstrèm yo ak lè dlo lanmè a monte reprezante pou nou. Move tan ekstrèm yo kontinye poze yon trè gran menas a rivaj nou an, rezidan nou yo, ak biznis nou yo. Jodi a, Gouvènè Cuomo ak Eta New York la ap ogmante efò pou pwoteje rezidan Staten Island yo. Lè nou travay ak patnè lokal ak federal yo, epi nou angaje kominote a nan chak etap sou chemen an, nou ap konstwi yon briz lanm lanmè a ak espas pwomnad ki pral transfòme ak pwoteje zòn kot Staten Island lan.”

Senatè Diane J. Savino te deklare: “Atravè administrasyon li an, Gouvènè Cuomo te travay pou responsabilize kominote atravè tout eta yo pou yo patisipe nan devlopman pwojè ki afekte yo plis yo. Lè nou priorize kominote Staten Island ki afekte yo, Gouvènè Cuomo ap asire pwojè sa a pi byen satisfè bezwen nou yo epi ofri solisyon inovatè pou pwoteje rezistans zòn kot la ak ranfòse potansyèl vibran bòdmè nou an. Mwen atann pou m travay ak Gouvènè Cuomo pou nou konstwi yon Staten Island ki pi solid ak pi rezistan.”

Manm Asanble Michael Cusick te di, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap asire nou pi byen prepare pou evènman move tan alavni ki vin sou chemen nou yo. Briz Lanm Lanmè Staten Island lan se yon pwojè entèlijan inovatè ki pral rann New York vin pi rezistan anfas defi alavni yo. Epi gras a opinyon rezidan nou yo kontinye bay yo, pwojè sa a pral amelyore rivaj nou an ak tou nouvo enstalasyon yo pandan l ap tou pwoteje kay ak biznis nou yo. Jodi a, nou ap investi nan avni fanmi nou yo ak nan avni kominote nou yo.”

Manm Asanble Matthew J. Titone te di, “Staten Island gen yon dezavantaj inik lè gen move tan sevè yo men avèk investisman san presedan Gouvènman Cuomo a, nou pral kapab fòtifye ak pwoteje rezidan nou yo ak resous ki sou zòn kot la. Yo te konsidere tanpèt yo yon evènman ki ta ka konn rive yon fwa nan lavi yon moun, kounye a yo sanble rive chak dezan. Pwojè sa a pral founi lapè nan lespri anpil milye moun Staten Island yo epi li pral prezève kay nou yo pou anpil jenerasyon k ap vini yo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418